



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 200 KOMINOTE TE RESEVWA  
DEZIYASYON KOMINOTE ENÈJI PWÒP LA**

***Plis pase 200 Kominote Toupatou Atravè Eta a te Konplete plis pase 1,250 Mezi  
Enèji Pwòp***

***Alyans Eta An Favè Enèji Pwòp la te Rekonèt Inisyativ Kominote Enèji Pwòp la yo  
avèk Prim Lidèchip Eta nan Enèji Pwòp 2018 la***

***L ap Sipòte Objektif New York Genyen pou 50 Pousan Elektrisite yo Itilize soti nan  
Sous Renouvlab yo ak Rediksyon Degajman Gaz a Efè Sèr yo pa 40 Pousan Apati  
2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 200 kominote toupatou atravè eta te resevwa deziyasyon Kominote Enèji Pwòp la (Clean Energy Community), apre yo te konplete plis pase 1,250 mezi enèji pwòp otototal ki gen gwo enpak. Deziyasyon an rekonèt lidèchip kominotè nan kad rediksyon itilizasyon enèji, rediksyon depans ak pwomouvwa enèji pwòp la yo, kote yo tout ap sipòte objektif enèji pwòp eta a yo. Inisyativ Kominote Enèji Pwòp la ap fè vanse strateji Refòme Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision) Gouvènè a lè yo demontre enpòtans kominote yo genyen nan efò pou ede New York reyalize objektif eta genyen pou apwovizyone 50 pousan elektrisite yo itilize apati de resous enèji renouvlab epi redwi degajman gaz a efè sèr yo pa 40 pousan apati 2030.

“New York se yon lidè nasyonal nan efò y ap fè pou konbat chanjman klimatik yo, epi gran etap enpòtan sa demontre ke kominote nan kat kwen gran eta sa a angaje nan efò nou ap fè pou nou kreye yon avni ki pi dirab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “200 kominote sa yo sèvi kòm yon modèl pou vil ak ti vil toupatou atravè eta sa a ak nasyon sa a pou yo redwi itilizasyon enèji yo ak prezève anviwònman nou an pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Inisyativ Kominote Enèji Pwòp 16 milyon dola a ke Gouvènè Cuomo te anonse mwa Out 2016 la, ap sipòte gouvènman lokal toupatou atravè eta a yo lè yo ofri sibvansyon pou minispalite elijib yo pou yo reyalize efikasite enèjetik, pwojè enèji renouvlab ak devlopman dirab nan kominote yo.

“Kominote toupatou atravè eta a yo ap antreprann pwojè pou ede redwi depans ak sipòte enèji pwòp”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Plis pase 200 kominote nan New York te resevwa deziyasyon Kominote Enèji Pwòp la, sa k ap plis fè vanse objektif enèji pwòp agresiv nou genyen pou nou redwi degajman gaz a efè sèr yo. New York ap mennen efò pou konbat chanjman klimatik yo, epi minisipalite toupatou atravè eta a yo ap ede asire anviwònman nou an rete pwòp, sekirite kounye a ak pou jenerasyon alavni yo.”

An gwo, 1,255 mezi priyorite enèji pwòp ki gen gwo enpak kominote yo te konplete yo reprezante plis pase 86 pousan popilasyon eta a ki repati nan 60 konte ak nan toule 10 rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik yo (Economic Development Council). Yo te deziyen kèk nan kominote ki pi peple nan Eta New York la yo kòm Kominote Enèji Pwòp, pami yo Vil New York, Konte Albany, Konte St. Lawrence, Konte Suffolk ak Vil Hempstead. Gade la yon [kat jwografik](#) ki montre tout Kominote Enèji Pwòp yo, mezi yo pran yo ak kominote ki angaje nan inisyativ Kominote Enèji Pwòp la yo.

Gen plis pase 450 Kominote Enèji Pwòp k ap patisipe nan inisyativ Kominote Enèji Pwòp la epi ki te konplete omwen yon mezi ki gen gwo enpak. Tablo ki annapre a souliyen patisipasyon nan chak rejyon eta a:

Rejyon	Kominote Enèji Pwòp ki deziyen yo	Kominote k ap patisipe (Yo pran omwen yon mezi Enèji Pwòp)	Mezi Enèji Pwòp yo pran
Rejyon Kapital	25	44	141
New York Santral	26	84	201
Finger Lakes	22	56	139
Long Island	25	38	122
Mid-Hudson	31	57	180
Mohawk Valley	18	43	112
Vil New York	1	1	5
North Country	15	24	73
Southern Tier	21	58	141
Rejyon Lwès New York	25	49	141
<b>Total</b>	<b>209</b>	<b>454</b>	<b>1,255</b>

Inisyativ Kominote Enèji Pwòp la yo te resevwa onè kòm loreya Prim Lidèchip Eta nan Enèji Pwòp 2018 (2018 State Leadership in Clean Energy Award) Alyans Eta An Favè Enèji Pwòp la (Clean Energy States Alliance). Kominote Enèji Pwòp yo te youn nan sis pwogram nan tout nasyon an ki te gayan prim 2018 la pou akonplisman eksepsyonèl yo avèk avantaj piblik ak rezilta yo, efikasite sou plan depans, lidèchip ak inovasyon, ak repwodiktibilite.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal a (Department of Environmental Conservation), Basil Seggos, te deklare,** “New York rekonèt ak sipòte efò kominote yo ap fè pou yo ede atenn objektif anbisyè pou rediksyon gaz a efè sèr Gouvènè Cuomo a. Mwen aplodi akonplisman Kominote Enèji Pwòp yo deziyen toupatou atravè eta a yo epi mwen espere ke lòt kominote ap enspire de egzanp eksepsyonèl yo trase a”.

**Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou Eta New York, te deklare,** “Felisitasyon a tout Kominote Enèji Pwòp yo paske y ap pran mezi konsiderab pou yo redwi anprent kabòn yo epi redwi depans yo. Kominote yo kontinye jwe yon wòl enpòtan nan efò pou sipòte estrateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo a pou fè vanse ak konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan, ak pi abòdab pou konbat chanjman klimatik yo”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Mwen felisite Kominote Enèji Pwòp toupatou atravè eta a yo k ap reyalize opòtinite pou yo redwi itilizasyon enèji ak depans yo pandan y ap ofri yon anviwònman ki pi pwòp pou rezidan yo. Gouvènè Cuomo te mete kòm priyorite mwayen pou asire kominote lokal yo gen aksè a resous ak asistans teknik pou ede yo nan kad efò yo ap fè pou yo redwi anprent kabòn yo”.

**Joseph Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon Sena (Senate Energy and Telecommunications Committee), te deklare,** “Kounye a gen 200 kominote toupatou atravè Eta New York la ki te resevwa deziyasyon Kominote Enèji Pwòp la, ke yo bay kominote ki te montre lidèchip nan efò yo ap fè pou yo redwi itilizasyon enèji yo. Mwen ta renmen felisite tout Kominote Enèji Pwòp toupatou atravè eta a yo paske y ap sèvi kòm egzanp pratik enèji dirab pou tout Nouyòkè yo”.

**Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy) Michael Cusick, te di,** “Se yon etap enpòtan vè lavan k ap mennen vè atent objektif enèji Eta a yo, lè nou ankouraje kominote yo pou yo itilize altènativ enèji pwòp yo. Lè nou investi nan pwodwi enèji ki favorab a anviwònman yo, nou ap kreye yon avni ki pi dirab pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo pou konstwi yon New York ki pi pwòp, pi rezistan pou tout moun. Rezilta sa yo ankouraje m epi mwen atann pou m wè plis kominote ankò reyalize pratik enèji pwòp yo”.

Yo deziyen vil, konte, ti vil ak vilaj ki konplete omwen kat nan 10 mezi enèji pwòp ki gen gwo enpak yo kòm Kominote Enèji Pwòp yo, epi yo kalifye pou yo aplike pou jiska 250,000 dola finansman pou finansman pwojè enèji pwòp adisyonèl yo. Zòn ki gen mwens pase 40,000 abitan yo kalifye pou yo aplike pou jiska 100,000 dola finansman. NYSERDA ap aksepte aplikasyon yo pou finansman sou yon baz kontinyèl jiska 30 Septanm 2019 oswa jiskaske fon yo fin epwize, kèlkeswa sa ki vini anvan. Yo te bay fon sibvansyon yo nan kad Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) la ansanm avèk inisyativ Gaz a Efè Sèr Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative).

10 Mezi Gwo Enpak gouvènman lokal yo ka pran pou yo ka resevwa deziyasyon Kominote Enèji Pwòp la epi kalifye pou yo aplike pou finansman sibvansyon an gen ladan:

- Endike itilizasyon enèji nan gwo bilding yo ke minisipalite ak sektè prive a posede;
- Pèfòme enèji efikas ak modènizasyon enèji renouvlab nan bilding minisipal yo;
- Ranplase limyè lari avèk limyè enèji efikas LED;
- Senplifye pwosesis apwobasyon lokal pou pwojè solè yo grasa adopsyon Pèmi solè inifye Eta New York (NYS Unified Solar Permit);
- Antreprann yon kanpay solè ki baze sou yon kominote pou redwi depans pwojè solè grasa acha konjwen;
- Bay fòmasyon ranfòsman enèji pou kode ofisye yo;
- Resevwa Sètifikasyon Klima Kominote Entelijan yo (Climate Smart Communities Certification) nan redwi enpak kominote a sou anviwonman an;
- Pase yon lwa lokal pou pèmèt agregasyon rezidan yo jwenn pi gwo chwa epi kontwòle sou itilizasyon enèji kòm yon gwoup (ki rele Agregasyon Chwa Kominotè);
- Enstale estasyon pou chaje veyikil elektrik yo epi itilize veyikil ki itilize kabiran altènatif yo, tankou veyikil ibrid ak veyikil elektrik yo, pou biznis minisipal yo; epi
- Etabli ak dinamize Pwogram Finans NY (Energize NY Finance Program) ki pèmèt evalyasyon Pwopriyete a bon mache, alontèm finansman enèji pwòp ak pwojè enèji renouvlab nan bilding komèsyal yo ansanm avèk òganizasyon non-pwofi yo.

Kowòdonatè Kominote Enèji Pwòp yo disponib tou, gratis, pou yo ede kominote yo devlope ak priyore objektif enèji pwòp yo; jwenn aksè a resous ki fasil pou itilize yo, tankou dokiman gid ak etid ka yo; epi pwofite de opòtinite finansman ak asistans teknik ki disponib yo.

Anplwaye oswa ofisye gouvènman lokal yo kapab jwenn enfòmasyon kontak pou kowòdonatè respektif yo [isit la](#) pou asistans nan konplete aksyon yo.

Pou plis enfòmasyon sou Kominote Enèji Pwòp yo, vizite [www.nyserda.ny.gov/cec](http://www.nyserda.ny.gov/cec).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)